

Vaksen (Lawoujòl, Malmouton, ak Ribeyòl) MMR

Sa Ou Bezwen Konnen

Anpil Deklarasyon ki gen Enfòmasyon sou Vaksen an disponib nan lang Panyòl ak nan lòt lang. Ale sou Entènèt nan sitwèb www.immunize.org/vis
Hojas de Información Sobre Vacunas están disponibles en Español y en muchos otros idiomas. Visite <http://www.immunize.org/vis>

1 Pou kisa pou moun pran vaksen?

Maladi lawoujòl, malmouton ak ribeyòl se maladi ki grav. Anvan te gen vaksen, maladi sa yo te trè komen, sitou sou timoun.

Lawoujòl

- Viris lawoujòl la lakòz anflamasyon po, tous, nen k ap koule, iritasyon zye, ak lafyèv.
- Li kapab lakòz enfeksyon nan zòrèy, nemoni, malkadi (sekous ak rega fiks), domaj nan sèvo, ak lanmò.

Malmouton

- Viris malmouton an lakòz lafyèv, maltèt, doulè nan miskilati, pèt apeti, ak glann anfle.
- Li kapab lakòz moun nan vin soud, maladi menenjit (enfeksyon sèvo ak manbràn ki pwoteje sèvo a ak mwal epinyè a), anfleman testikil oswa ovè ki bay anpil doulè, epi raman esterilite.

Ribeyòl (lawoujòl Alman)

- Viris ribeyòl la lakòz anflamasyon po, atrit (pi souvan sou fanm), ak ti lafyèv.
- Si yon fanm gen ribeyòl pandan li ansent, li ka fè yon foskouch, oswa tibebe li ka fèt avèk malfòmasyon.

Maladi sa yo simaye ant yon moun ak yon lòt moun nan lè a. Ou kapab pran yo fasil si ou rete bòkote yon moun ki enfekte deja.

Vaksen kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl (MMR) kapab pwoteje timoun (ak adilt) kont touletwa maladi sa yo.

Gras ak pwogram vaksen ki gen sikse, maladi sa yo pa twò komen Ozetazini pase jan yo te ye anvan. Men si nou te sispann vaksinasyon, yo ta retounen.

2 Kimoun ki ta dwe pran vaksen MMR, epi kilè?

Timoun ta dwe pran 2 dòz vaksen MMR:

- **Premye Dòz la:** Nan laj 12-15 mwa
- **Dezyèm Dòz la:** Nan laj 4-6 ane (yo ka pran li pi bonè, si se omwen 28 jou apre premye dòz la)

MMR VIS (4/20/2012) - Haitian Creole

Kèk tibebe ki poko gen laj 12 mwa ta dwe pran yon dòz MMR si y ap vwayaje kite peyi a. (Dòz sa a pa konte pou seri regilye yo.)

Kèk adilt ta dwe pran vaksen MMR tou: Anjeneral, nenpòt moun ki gen laj 18 tan oswa plis epi ki te fèt apre ane 1956 ta dwe pran omwen yon dòz vaksen MMR, sof si yo kapab montre yo te swa pran vaksen an, oswa yo te gen touletwa maladi yo.

Yo ka bay vaksen MMR nenpòt lè ansanm ak lòt vaksen yo.

Timoun ki gen laj ant 1 ane ak 12 ane kapab pran yon “melanj” vaksen ki rele MMRV, ki gen ladan MMR ak vaksen kont varisèl (chickenpox). Gen yon Bilten

3 Kèk moun pa dwe pran vaksen MMR, oswa yo ta dwe rete tann.

Enfòmasyon sou Vaksen apa pou MMRV.

- Si yon moun te janm gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi li swa nan antibyotik neyomisin, oswa nan nenpòt lòt eleman vaksen MMR, moun sa a ta dwe pran vaksen an. Fè doktè ou konnen si ou gen alèji grav.
- Si yon moun te gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi li swa nan yon dòz vaksen MMR oswa nan yon dòz vaksen MMRV, moun sa a ta dwe pran yon lòt dòz.
- Yo ka mande kèk moun ki malad nan moman yo gen pou pran vaksen an pou yo rete tann jouk lè yo refè anvan yo pran vaksen MMR.
- Fanm ansent yo pa ta dwe pran vaksen MMR. Fanm ansent ki bezwen pran vaksen an ta dwe rete tann jouk apre akouchman yo. Fanm yo ta dwe evite vin ansent pandan 4 semèn apre yo fin vaksinen avèk vaksen MMR.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

- Fè doktè ou konnen si moun ki pran vaksen an:
 - Gen VIH/SIDA, oswa yon lòt maladi ki afekte sistèm defans lan ap swiv tretman avèk medikaman ki afekte sistèm defans lan, tankou estewoyid
 - Gen nenpòt kalite kansè
 - Ap swiv tretman pou kansè avèk radyasyon oswa medikaman
 - Te janm gen yon fèb kantite plakèt (yon twoub nan san)
 - Te pran yon lòt vaksen nan dènye 4 semèn yo
 - Te pran san pa twò lontan, oswa te resevwa yon lòt pwodui abaz san

Nenpòt nan pwoblèm sa yo ta ka yon rezon pou pa pran vaksen an, oswa ta ka lakòz moun nan pran vaksen an yon lòt lè.

4 Ki risk ki genyen nan vaksen MMR?

Yon vaksen, tankou nenpòt medikaman, kapab lakòz pwoblèm ki grav, tankou reyaksyon alèjik grav.

Risk pou vaksen MMR lakòz pwoblèm grav, oswa lanmò, piti anpil.

Li pi bon pou pran vaksen MMR pase pou gen lawoujòl, malmouton oswa ribeyòl.

Pifò moun ki pran vaksen MMR pa gen okenn pwoblèm grav avèk vaksen an.

Ti Pwoblèm

- Lafyèyè (apeprè 1 moun sou 6)
- Ti anflamasyon po (apeprè 1 moun sou 20)
- Anfleman glann nan jou yo oswa nan kou a (apeprè 1 moun sou 75)

Si pwoblèm sa yo rive, anjeneral se nan 6-14 jou apre vaksen an. Yo rive mwen souvan apre dezyèm dòz la.

Pwoblèm Modere

- Malkadi (sekous oswa rega fiks) lafyèyè lakòz (apeprè 1 dòz sou 3,000)
- Doule ak jwenti rès pou yon ti tan, sitou sou fi adolesan oswa sou fanm adilt (apeprè 1 sou 4)
- Kantite plakèt fèb pou yon ti tan, ki kapab lakòz yon twoub senyman (apeprè 1 dòz sou 30,000)

Pwoblèm Grav (Trè Ra)

- Reyaksyon alèjik grav (mwens pase 1 sou yon milyon dòz)
- Yo te rapòte plizyè lòt pwoblèm grav apre yon timoun pran vaksen MMR, tankou:
 - Timoun nan vin soud
 - Malkadi, koma, oswa moun nan pèdi konnesans pandan lontan

- Domaj pèmanan nan sèvo
Pwoblèm sa yo tèlman ra sa fè li difisil pou di si se vaksen an ki lakòz yo.

5 Kisa pou mwen fè si gen yon reyaksyon grav?

Kisa mwen ta dwe chèche?

- Nenpòt kondisyon ki pa regilye, tankou yon gwo lafyèyè oswa konpòtman iregilye. Pami siy yon reyaksyon alèjik grav, kapab gen pwoblèm pou respire, vwa anwe oswa souf-anlè, itikè, kò pal, feblès, yon batman kè rapid oswa vètij.

Kisa mwen ta dwe fè?

- **Rele** yon doktè, oswa mennen malad la nan klinik yon doktè touswit.
- **Di** doktè ou sa ki te pase a, dat ak lè li te pase, ak lè moun nan te pran vaksen an.
- **Mande** doktè ou pou rapòte reyaksyon an. Pou fè sa, li kapab ranpli yon fòm Sistèm Rapòtaj Reyaksyon Negatif Vaksen (VAERS). Oswa ou kapab fè rapò a nan Entènèt sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6 Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen

Yo te kreye Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen nan ane 1986.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou Entènèt nan sitwèb VICP nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation.

7 Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Mande doktè ou.
- Rele depatman sante ki nan zòn ou oswa ki nan eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**, oswa
 - Ale nan Entènèt sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

Vaccine Information Statement (Interim)

MMR Vaccine

4/20/2012 Haitian Creole

42 U.S.C. § 300aa-26

